

DWA

Chak moun ki ansent gen dwa a planifikasyon repwodiktif ak swen imanité pandan gwosès li a, akouchman nan peryòd li e apre akouchman an, epi timoun nan gen dwa pou yon nesans an sekirite ak kwasans ak devlopman an sante nan SUS yo.

Dwa travay: 120 jou konje matènite pou moun ki ansent ak yon pèmi travay siyen; moun sila pa dwe revoke pandan li ansent jiska senk mwa aprè akouchman, sof si pou yon rezon jis, yo kapab chanje wòl li oswa sektè nan travay li, si li prezante risk oswa pwoblèm pou sante li, oswa sante tibebe a; li dwe resevwa yon DEKLARASYON PREZANS chak fwa li ale nan konsiltasyon avan timoun nan fèt oswa sibi yon egzamen, li dwe pran yon poz nan travay li chak jou, pou yon peryòd demi èdtan oswa yon peryòd inè de tan, lè li ap bay tibebe a tete jiskaske tibebe a gen sis mwa epi senk jou konje pou papa a imedyatman apre nesans tibebe a.

Dwa nan sèvis sante: moun sila dwe resevwa swen ak respè e diyite, san diskriminasyon ki baze sou koulè po li, ras li, oryantasyon seksyèl li oubyen idantite sèks li, relijyon li, laj li oswa sityasyon sosyal li; nou dwe rele moun nan non li, li pi pito . Si w se yon adolesan: li gen dwa, dapre Lwa Timoun ak Adolesan, pou yo trete li byen e konfidansyalite li yo na sekre ak otonomi epi resevwa enfòmasyon sou planifikasyon repwodiksyon ak seksyalite responsab li; li gen dwa pou yo bay li sèvis li pou kont li, si toufwa prefere.

Li rekòmande ke sèvis sante yo asire ke fanm ansent ki soud oswa ki gen difikilte pou tande gen dwa pou genyen yon entèprèt LIBRAS(lang siy) oswa yon asistan pèsone, li ka chwazi pandan konsiltasyon ak egzamen grosès la pou pran swen li nan sal respesyon matènite, espesyalman pandan akouchman ak apre akouchman. Rekòmandasyon sa a aplike tou pou fanm ansent migran ak endijèn ki prezante baryè kominikasyon, ki garanti dwa pou prezans yon entèprèt lang li, san prejije dwa pou yon konpayon garanti pa Lwa Federal No 11,108/2005.

Referans: livrè ki adapte sou fanm ansent (8yèm edisyon) ak nòt rekòmandasyon DAPPS/DAGAE/SES_N° 01/2022

TELEFÒN ENPOTAN

- Samu: 192
- Sèvis jeneral SUS yo:
- 136 Polís Militè: 190
- Sant resepsyon fanm: 180
- Nimero ponpye: 193
- Nimero Nasional pou denonse abit e Eksplorasyon Seksyèl kont timoun a d o l e s a n : 100
- Nimero sou konsomasyon tabak: 0800 61 1997
- Telefone Nimero SES/RS: 0800 6450 644
- WhatsApp: (51) 98405-4165



Plan nesans ki baze sou gid "Asistans nesans nòmral: yon gid pratik", ki soti nan Òganizasyon Mondyal Lasante - 2000 ak liv "Nesans nòmral oswa sezaryèn: tout bagay ke fanm yo ta dwe konnen" pa Ana Cristina Duarte ak Simone Grilo Diniz - Ed – 2000, nan Plan nesans nan Inivèsite Federal Uberlândia Lopital la ak sou Portal Drauzio Varella.



1° EDISYON



GOVERNO DO ESTADO
RIO GRANDE DO SUL
SECRETARIA DA SAÚDE

PWOJÈ NESANS

KOMAN OU TA RENMEN YO RELE OU :

NON OU TA RENMEN BAY TIMOUN NAN SE :

MOUN KI REFERANS NAN MATÈNITE A SE :

MWEN VLE KONNEN MATÈNITE:

() WI VIZIT PWOGRAM POU:
() NON

MWEN SWETE YO ACOMPANYNE MWEN PANDAN MATÈNITE A (LWA FEDERAL 11.108/2005):



MWEN TA RENMEN GEN PREZANS YON ENTÈPRÈT LIBRAS (LANG SIY) OSWA YON ASISTAN PÈSONÈL, SELON CHWA MWEN, PANDAN SÈVIS:

() WI () NON

MWEN TA RENMEN GEN PREZANS YON ENTÈPRÈT NAN LANG MWEN, OU CHWA MWEN, PANDAN SÈVIS. :

() WI () NON

SINYATI PASYAN

SINYATI MOUN KI AKONPANYE A

SINYATI PWOFOSEYONÈL LA

Nou konsyan ke akouchman ka pran diferan anplé. Nan lis sila ki anba men kek preferans ki konsène nou nan travay ak nesans timoun nan, si tout bagay ale byen. Chak fwa pasyan paka swiv plan yo, li dwe dwe fè nou konnen davans epi konsilte nou konsènan yon lot altènativ .




PANDAN MOUVMAN NAN AKOUCHMAN AN:

- () Mwen vle gen libète pou m bwè dlo ak dijere manje jan yo mande mwen yo;
- () Mwen vle yon anviwonman akeyan, ki pa dwe gen anpil limyè ak bri. Mwen ta renmen kapab fè chwa de mizik ki nan gou mwen.
- () Mwen vle pou yo respekte vi prive mwen, san yo pa ekspozè vi mwen;
- () Mwen vle kapab deplase lib epi adopte pozisyon mwen santi mwen alèz la.
- () Mwen ta renmen opsyon ki pa medikaman pou soulaje doulè yo disponib nan sèvis matènite a, epi pou mwen kapab chwazi metòd mwen santi mwen alèz nan moman sa a. Egz: douch, basen, boul obstetrik, masaj, lwil esansyèl;
- () Mwen mande pou yo ban mwen oryantasyon sou opsyon analgesi ki disponib yo epi map mande lyo banm li lè sa nesèsè.



NAN MOMAN NESANS TIBEBE:

- () Mwen vle rete menm kote mwen ye a pandan tranche a pou tibebe a fèt;
- () Mwen vle chwazi pozisyon ki pi konfòtab pou mwen;
- () Mwen prefere pouse sèlman pandan kontraksyon, lè mwen santi mwen anvi, olye pou yo gide;
- () Mwen ta renmen yon anviwonman espesyalman kalm nan moman sa a, ak sèlman pwofesyonèl esansyèl yo sou plas;
- () Mwen ta renmen yon anviwonman ak limyè ki ba;
- () Mwen ta renmen tanperati èkondisyone a ki nan chanm, konfòtab pou mwen ak tibebe mwen a.
- () Si li nesèsè pou fè yon sezaryèn akòz endikasyon klinik, mwen mande pou yo enfòme mwen sou rezon.



SI NAN KA SEZARYÈN NAN NESESÈ:

- () Mwen vle travay anvan mwen komanse rantre nan sal yon sezaryèn.
- () Mwen vle konpayon mwen an prezan nan sal operasyon an.
- () Mwen ta renmen limyè yo ak bri yo redwi ak èkondisyone a etenn.
- () Mwen ta renmen bloke kòd lonbrit tibebe koupe a tan lè lila fèt alè.
- () Apre nesans, mwen ta renmen yo mete tibebe a imedyatman sou pwatrin mwen ak kontak po a po, si nou nan yon pozisyon pou fè as.
- () Mwen ta renmen eseye bay tibebe a tete avèk èd yon pwofesyonèl nan moman sa a, si nou kapab.
- () Mwen vle tibebe mwen an ak konpayon mwen an avèk mwen pandan rekiperasyon chirijikal.
- () Mwen ta renmen ale nan chanm lan pi vit ke posib si tout fwa kondisyon yo reyini.

APRÈ NESANS LA

- () Mwen ta renmen mete tibebe sou zepòl mwen imedyatman apre akouchman na pou kontak po a po, ak libète pou bay tete, si nou kapab.
- () Mwen ta renmen se konpanyon na ki kouoe kòd lonbrit la lè tibebe a fèt alè, si sa posib.
- () Nan ka ki gen yon dechire ki rive, li ap nesèsè pou yo anestezi mwen nan li nesèsè.
- () Si mwen disponib nan sal matènite a, mwen ta renmen mete yon séviyèt pou kouvri mwen, pou mwen pwofite entènè e garanti kontrasepsyon mwen an.



SWEN TIBEBE

- () Mwen swete ke swen yo bay yon bon woutin nan lopital la fèt apre premye èdtan nan lavi ti bebe (èdtan an lò).
- () Si sa posib, mwen vle gen ti bebe a avèk mwen toutan pandan mwen nan sal akouchman an, menm pou egzamen ak evalyasyon.
- () Si tibebe a bezwen swen e nou pran li, mwen vle konpayon an dwe akonpaye li toutan.
- () Mwen ta renmen jwenn enfòmasyon sou nenpòt konduit ki adopte sou tibebe mwen an.
- () Mwen vle bay tibebe a tete sou demann epi resevwa èd ak konsèy ki nesèsè yo.
- () Mwen ta renmen fè pwosesis ki lakòz doulè oswa malèz sou zepòl mwen pandan mwen ap bay tibebe a tete (alèltman)
- () Mwen vle se konpayon mwen ki dwe bay tibebe a premye lavaj , aprè 24 èdtan.
- () Mwen vle rete ak ti bebe mwen an nan chanm nan tout tan an. Si mwen fatigue oswa ou bezwen èd, mwen ap mande èd nou.



ESKE GEN YON BAGAY OU TA RENMEN NOU KONNEN (POZE KESYON ENPÒTAN NAN KAZYE A: KILTIRÈL, DEZI, LAPERÈZ OSWA KESYON SOU, MALADI, RESTRIKSYON OSWA ANDIKAP).
